



Pou Piblikasyon Imedya: 07/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 11 NOUVO SIT VAKSINASYON TANPORÈ POU SÈVI ZÒN KI GEN POUSANTAJ VAKSINASYON KI PI BA YO

Sit yo ouvri nan kominote yo kote pousantaj vaksinasyon an byen anba mwayèn eta a

Tout sit yo ouvri pou vaksinasyon san randevou epi y ap sèvi moun yo nan lòd yo rive a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 11 nouvo sit vaksinasyon tanporè pral ouvri nan zòn kote done kòd postal yo montre pousantaj vaksinasyon an vreman pi ba pase mwayèn nan tout eta a. Eta New York pral elaji pwogram lan epi ouvri sit adisyonèl nan semèn k ap vini yo.

"Pwogrè nou nan vaksinasyon yo te detèminan nan rann li posib pou re-ouvri ekonomi nou an epi leve anpil restriksyon, men pousantaj vaksinasyon an te ralanti anpil epi nou dwe konsantre sou lokal yo ki gen pousantaj vaksinasyon ki ba yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sit tanporè yo te enpòtan nan ede nou atenn plis Nouyòkè avèk vaksen an, epi avèk 11 nouvo sit sa yo, n ap redepwaye resous nou yo epi travay avèk depatman sante lokal yo nan eta a pou sible zòn yo ki kontinye retade nan vaksinasyon yo. Vaksen an san danje ak efikas -- epi si nou vle pote viktwa sou viris sa a, nou dwe gen plis Nouyòkè ki vaksinen osit vit sa posib".

Anons jodi a fonde sou angajman New York pou pote vaksen an bay kominote yo nan eta a atravè sit vaksinasyon tanporè yo. Depi 15 janvyè, plis pase 250 sit kominotè tanporè te administre plis pase 90,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la.

Jou operasyon yo pou chak nan 11 sit yo disponib anba a:

VIL NEW YORK

Sant Kominotè Plaza Prospect (Prospect Plaza Community Center)

1835 Sterling Place

Brooklyn, NY

Ouvri: Samdi 12 jen

Challenge Charter Middle School

12-79 Redfern Avenue

Far Rockaway, NY
Ouvri: Samdi 12 jen

Sant pou Moun Aje SAGE Crotona (SAGE Crotona Senior Center)

1794 Prospect Avenue
Bronx, NY
Ouvri: Jedi 10 jen

REJYON KAPITAL

Kazèn Ponpye Volontè Coeyman's Hollow (Coeyman's Hollow Volunteer Fire House), 1290 NY-143

Coeyman's Hollow, NY
Ouvri: Jedi 10 jen

SOUTHERN TIER

Depatman Ensandi Windsor (Windsor Fire Department)

4 Academy Street
Windsor, NY
Ouvri: Samdi 12 jen

FINGER LAKES

Greater Harvest Baptist Church

12 Driving Park Avenue
Rochester, NY
Ouvri: Vandredi 11 jen

CENTRAL NEW YORK

Assumption Church

812 N Salina Street
Syracuse, NY
Ouvri: Mèkredi 9 jen

LWÈS NEW YORK

Sant Kominotè nan Nòdwès (Northwest Community Center)

155 Lawn Avenue
Buffalo, NY
Ouvri: Vandredi 11 jen

LONG ISLAND Pak Konte Smith Point (Smith Point County Park)

1 William Floyd Parkway
Shirley, NY
Ouvri: Vandredi 11 jen

Bibliyotèk Roosevelt (Roosevelt Library)

27 West Fulton Avenue

Roosevelt, NY
Ouvri: Jedi 10 jen

MID-HUDSON

Sant Polivalan Martin Luther King (Martin Luther King Multi-Purpose Center)

110 Bethune Blvd
Spring Valley, NY
Ouvri: Samdi 12 jen

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans investigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)